

30 me 2020

Chè fanmi,

Mèsi pou pasyans ak fleksibilite ou kontinye montre nan kriz sa a k ap evolye sansès la. Nou ekri w jodi a pou pataje kèk nouvo enfòmasyon ak rapèl enpòtan sou kalandriye lekòl fen ane a.

Nou gen de jou kap vini nan mwa jen an ki te pwograme avan pou elèv pa ale lekòl. Sepandan, avèk epidemi sa a kap kontinye a, nou atann pou elèv patisipe nan aprantisaj adistans nan tou de jou sa yo:

- Yo te pwograme **Jedi 4 jen** kòm yon jou kote okenn elèv pat ap ale lekòl pou obsève Brooklyn / Queens Day (yo rele tou Jou anivèsè).
- Yo te pwograme **Madi 9 jen** kòm yon jou ki pa gen lekòl pou elèv ki nan klas K-8, ansanm avèk nan lekòl ak pwogram Distri 75 yo.

Jou 4 jen an, yo atann pou tout elèv fè travay yo poukont yo pandan estaf ap patisipe nan fòmasyon pwofesyonèl. Yo pa atann pou pwofesè yo angaje avèk elèv jou 4 jen an; olye sa, lekòl yo ap bay elèv travay alavans pou yo fè poukont yo pou jounen an.

9 jen, elèv ki nan lekòl ki gen klas K-8, oswa ki ale nan nenpòt lekòl Distri 75, dwe fè travay yo poukont yo pandan estaf yo pral patisipe nan travay reyòganizasyon. Yo pa atann pou pwofesè nan lekòl sa yo angaje avèk elèv jou 9 jen an; olye sa, lekòl yo ap bay elèv travay alavans pou yo fè poukont yo pou jounen an.

Si ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan orè lekòl la pou elèv ou a, tanpri kontakte lekòl ou a pou plis enfòmasyon.

Kòm yon rapèl, 26 jen se dènye jou lekòl epi se yon demi jounen pou tout elèv. Nou pral bay fanmi plis konsèy sou fen ane lekòl 2019-20 an nan semèn kap vini yo.

Mèsi ankò pou kolaborasyon ou pandan n ap kontinye sou wout enkonni sa a. Mwen di souvan ke nou gen pi bon elèv, pi bon anplwaye, ak pi bon fanmi nan mond lan. Oumenn ak pitit ou kontinye pwouve sa, chak jou. Ansanm, nou pral kontinye reziste tanpèt sa a.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk